

141 *Nggolèki sing Péngin Rukun karo Gusti* (Lukas 10:6)

1. Préntahé Yésus, "Injil wartakna."

Mlaku terus, saben dina,

Kuwi isa 'nggo tuladha.

Yésus martak'ké, merga tresnané.

Tanpa lèrèn,

sabdané Yah t'rus diumum'ké.

Kabèh omah tak tekani.

Wong-wong padha tak critani.

Kabèh wong sing jahat bakalé mati.

(REFREIN)

T'rus nggolèki,

Sing péngin rukun karo Gusti.

Aja nganti,

Kliwatan s'najan mung wong siji.

T'rus nggolèki,

Lan marani.

2. Wis suwé aku terus nggolèki,

Kabèh wong sing tulus ati,

S'najan sing slamet mung siji.

Merga tresnaku, aku marani,

Nggolèki sing cilik ati,

bèn ora wedi.

Désa kutha tak liwati.

Bèn nampa Injilé Gusti.

Aku seneng anggoné terus ngabdi.

(Refrein)